

BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan digunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif. Sukmadinata (2012, kc. 60), nétélakeun yén panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan anu ditujukeun pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis *fenomena*, kajadian, aktivitas sosial, sikep, kapercayaan, persépsi, jeung pamikiran manusa sacara *individu* atawa kelompok.


Métode nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta panalungtikan déskriptif. Suyatna (2002, kc. 14) nétélakeun yén métode panalungtikan déskriptif nyaéta panalungtikan anu dijerona ngawengku akumulasi data ku cara déskriptif, henteu maké uji hipotésis, teu nyieun ramalan atawa prédiksi, jeung teu nyangking ma'na implikasi. Tujuan panalungtikan déskriptif nyaéta nyieun gambaran sacara sistematis, faktual, jeung akurat ngeunaan fakta-fakta sarta sipat-sipat populasi di daérah nu tangtu.

Métode déskriptif dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngadéskripsikeun sarta nganalisis unsur sémiotik jeung ajén étnologis Tradisi babakti lemah cai di Kota Sukabumi pikeun bahan pangajaran bahasan budaya di SMA.

Ieu panalungtikan museur kana prak-prakanna Tradisi babakti lemah cai di Kota Sukabumi, ulikan sémiotik dina Tradisi babakti lemah cai di Kota Sukabumi, ulikan étnologis dina Tradisi babakti lemah cai di Kota Sukabumi, jeung larapna ulikan sémiotik jeung étnologis dina Tradisi babakti lemah cai di Kota Sukabumi pikeun bahan pangajaran bahasan budaya Sunda di SMA.

Sukardi (2013, kc. 68) nétélakeun yén desain panalungtikan mangrupa gambaran wincik ngeunaan prosés panalungtikan anu baris dilakonan ku panalungtik pikeun ngaréngsékeun hiji pasualan. Desain panalungtikan ngawincik komponén panalungtikan sacara *komprehensif* ngadadarkeun runtuyan prak-prakan anu kudu dilakonan pikeun ngahontal udagan panalungtikan. Desain panalungtikan Tradisi babakti lemah cai nu dilakonan saperti nu diwincik dina bagan.

Bagan 3.1
Desain Panalungtikan



3.2 Téknik Panalungtikan

Téknik panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téknik ngumpulkeun data jeung téknik ngolah data.

3.2.1 Téknik Ngumpulkeun Data

Téknik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun téknik observasi, téknik wawancara, téknik dokuméntasi, jeung téknik analisis.

a. Téknik Observasi

Téknik observasi nyaéta téknik ngumpulkeun data ku cara ngutalaah sarta nyatet hasil tina observasi (Fathoni, 2006, kc. 104). Téknik observasi digunakeun pikeun ngumpulkeun data ngeunaan kumahaprak-prakan tradisi babakti lemah cai, unsur sémiotik anu nyampak dina tradisi babakti lemah cai, ajén budaya anu nyampak dina tradisi babakti lemah cai, jeung larapna bahan pangajaran bahasan budaya Sunda di SMA.

b. Téknik Wawancara

Wawancara nyaéta téknik ngumpulkeun data ku cara prosés tanya jawab sacara lisan saarah. Hartina patarosan datang ti pihak nu ngawawancara jeung jawaban ti pihak nu diwawancara (Fathoni, 2006, kc. 105).

Wawancara digunakeun pikeun nyangking data sacara langsung ti informan anu apal kana tradisi babakti lemah cai di Kota Sukabumi.

c. Téknik Dokuméntasi

Dokuméntasi nyaéta téknik ngumpulkeun data ku cara ngulik jeung nganalisis dokumén-dokumén nu mangrupa tulisan, gambar, jeung éléktronik (Fathoni, 2006, kc. 112).

Dokuméntasi digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun kumaha prak-prakan tradisi babakti lemah cai di Kota Sukabumi jeung ngadokuméntasikeun naon waé nu ditalungtik ti mimiti nepi ahir tradisi babakti lemah cai di Kota Sukabumi.

Dumasar kana téknik panalungtikan, ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan dilaksanakeun ngaliwatan léngkah-léngkah:

- 1) nepungan jeung neda widi ka pupuhu palaku tradisi babakti lemah cai pikeun ngayakeun panalungtikan;
- 2) ngayakeun observasi ka Cikundul, tempat dilaksanakeunna tradisi babakti lemah cai;
- 3) ngayakeun wawancara jeung informan (palaku tradisi, wawakil ti kelurahan Cikundul, jeung wawakil ti dinas kebudayaan Kota Sukabumi);
- 4) bari observasi jeung wawancara, panalungtik sakaligus dilaksanakeun dokuméntasi.

3.2.2 Téknik Ngolah Data

Téknik anu digunakeun pikeun ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta analisis sémiotika, analisis ajén budaya, sarta analisis nyieun bahan pangajaran bahana budaya. Data tina hasil observasi téh dikumpulkeun sarta dipasing-pasing, satuluyna didéskripsikeun, sanggeus kitu diolah pikeun kapentingan panalungtikan dumasar kana pamarekan sémiotik, ajén budaya jeung nyieun bahan pangajaran bahasan budaya. Ajén anu dipaluruh nyaéta ngeunaan déskripsi tradisi babakti lemah cai (asal-muasal, prak-prakan, palaku, jeung pakakas), unsur sémiotika anu nyampak dina prak-prakan tradisi babakti lemah cai, ajén budaya anu nyampak dina prak-prakan tradisi babakti lemah cai, sarta rarancang bahan pangajaran bahasan budaya Sunda pikeun SMA ngeunaan tradisi babakti lemah cai di Kota Sukabumi.

Dumasar kana téknik ngolah data, léngkah-léngkah anu dilakukeun ku panalungtik dina ngolah data nyaéta:

- a. niténan data anu geus dikumpulkeun;
- b. nyieun papasingan data dumasar kana unsur sémiotik jeung ajén budaya;
- c. nganalisis data dumasar kana unsur sémiotik jeung ajén budaya;
- d. ngadéskripsikeun data dumasar kana unsur sémiotik jeung ajén budaya sarta nyusun bahan ajar bahasan tradisi pikeun SMA.

- e. Nyusun tapsiran jeung kacindekan ngeunaan tradisi babakti lemah cai di Kota Sukabumi pikeun bahan pangajaran bahasan tradisi di SMA (ulikan sémiotik jeung étnologis).

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta pedoman wawancara jeung alat rekam vidio nu mangrupa kamera digital.

a. Pedoman Observasi

Pedoman observasi mangrupa instrumén panalungtikan anu digunakeun dina téhnik observasi nyaéta pedoman observasi. Hal-hal anu dititénan di tempat panalungtikan ngeunaan tradisi babakti lemah cai anu dijadikeun observasi ku panalungtik. Ieu di handap pedoman observasi anu dilaksanakeun di tempat tradisi babakti lemah cai.

Tabél 3.1
Pedoman Observasi

Observasi dina Tradisi Babakti Lemah Cai	
Prak-prakan	<ol style="list-style-type: none"> 1) tempat dina tradisi babakti lemah cai; 2) waktu dina tradisi babakti lemah cai; 3) runtuyan prak-prakan dina tradisi lemah cai; 4) teks rajah jeung sadu muhung dina tradisi babakti lemah cai; 5) hal anu ulah direumpak dina tradisi babakti lemah cai.
Palaku, alat musik tradisional, jeung sasajén	<ol style="list-style-type: none"> 1) palaku dina tradisi babakti lemah cai; 2) alat musik tradisional anu digunakeun dina tradisi babakti lemah cai; 3) sasajén dina tradisi babakti lemah cai; 4) fungsi alat musik tradisional jeung sasajén dina tradisi babakti lemah cai.

b. Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara digunakeun pikeun ngawawancara para informan anu jadi palaku dina tradisi babakti lemah cai di Kota Sukabumi. pertanyaan-pertanyaan dina pedoman wawancara nyaéta dijéntrékeun kieu.

Tabél 3.2
Pedoman Wawancara dina Tradisi Babakti Lemah Cai

No	Pedoman Wawancara
1	Data narasumber.
2	Asal-usul tradisi babakti lemah cai di Kota Sukabumi.
3	Prak-prakan tradisi babakti lemah cai di Kota Sukabumi.
4	Sasajén anu kudu disampakkeun saméméh tradisi babakti lemah cai.
5	Sasajén anu kudu disampakkeun sanggeus tradisi babakti lemah cai.
6	Waditra anu dipaké dina tradisi babakti lemah cai.
7	Lagu anu dipintonkeun dina tradisi babakti lemah cai.
8	Palaku tradisi babakti lemah cai.
9	Prosés pewarisan tradisi babakti lemah cai.
10	Persiapan anu khusus saacan prungna tradisi babakti lemah cai.
11	Parobahan tina waditra, palaku, baju nu dipaké palaku jeung lagu nu dipintonkeun ti mimiti dilaksanakeun tradisi babakti lemah cai nepi kiwari.
12	Udagan ngalaksanakeun tradisi babakti lemah cai
13	Cara pikeun hirup-huripna tradisi babakti lemah cai di Kota Sukabumi nurutkeun informan.

c. Alat Rékam Audio Visual

Alat rékam audio visual digunakeun pikeun ngarékam prak-prakan tradisi babakti lemah cai saméméh jeung sanggeus tradisi, jeung dipaké pikeun ngarékam prosés ngumpulkeun data dina téknik wawancara ka para palaku tradisi babakti lemah cai. Salian ti éta, HP jenis *Asus Toof_WW-User_2.22.40.54_20151120_16_Relesekeys_044000307_201407220024* dipaképi keun ngahasilkeun gambar dina prak-prakan tradisi babakti lemah cai.

3.4 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

3.4.1 Data Panalungtikan

Data dina panalungtikan nyaéta sagala rupa anu aya dina tradisi babakti lemah cai. Data panalungtikan dipaluruh tina prak-prakan, palaku, alat musik tradisional, jeung sasajén. Data panalungtikan satuluyna dianalisis dumasar kana data anu patali jeung sémiotika, ngeunaan tanda, tilu jenis hubungan tanda (simbol, paradigma, jeung sintagma), bahasa wicara jeung budaya, sarta signifikasi. Data panalungtikan ogé dianalisis dumasar kana data anu patali jeung ajén budaya ngeunaan hakékat hirup manusa (MH), hakékat karya manusa (MK), hakékat waktu manusa (MW), hakékat alam manusa (MA), jeung hakékat

hubungan manusa (MM). Hasil tina ieu panalungtikan baris dijadikeun bahan pangajaran bahasan budaya di SMA ngagunakeun pamarekan landasan paélmuan, landasan pédagogik, jeung landasan *keterbacaan*.

3.4.2 Sumber Data Panalungtikan


a. Lokasi Panalungtikan

Nurutkeun data anu aya di Kelurahan Cipanengah 5 Desember 2018, luas wilayah di Kelurahan Cipanengah nyaéta 153.325 HA. Kelurahan Cipanengah miboga dalapan rukun warga (RW) nyaéta Kadulawang, Cipanengah, Lemburcukang, Tegallaya, Bumi Purnawira, Situgede, Santiong, jeung Cipanengah. Jumlah penduduk anu aya di Kelurahan Cipanengah nyaéta 8.355 jiwa, ngawengku 4.224 lalaki jeung 4.131 awéwé, anu kabagi jadi 2.266 kartu keluarga (KK).

Lokasi panalungtikan dina ieu tésis nyaéta di jalan Cicadas, kampung Tegallaya, RT 03, RW 04, Kelurahan Cipanengah, kecamatan Lembursitu, Kota Sukabumi. Luas wilayah di kampung Tegallaya nyaéta 25 HA. Jumlah penduduk di Tegallaya 1.125 jiwa, ngawengku 564 lalaki jeung 661 awéwé, anu kabagi jadi 296 kartu keluarga (KK).

Warga anu aya di sabudeureun Kelurahan Cipanengah kawilang soméah hadé ka sémah. Warga Kelurahan Cipanengah ogé, masih silih bantuan kasasama warga, dina kaayaan kapapaténan jeung dina kagiatan kariaan. Hirup kumbuh sauyunan jeung silih ajénan dina ngawangun Kelurahan Cipanengah aman, méréh tur soméah. Basa anu digunakeun ku masarakat kampung Tegallaya dina hirup kumbuh sapopoé nyaéta ngagunakeun basa Sunda, lantaran masarakat Tegallaya lolobana masarakat asli urang Sunda. Nurutkeun data laporan penduduk dumasar agama taun 2014 di Kelurahan Cipanengah sacara maluruh nyaéta Islam 8.195 urang, Protestan 138 urang, Katholik 20 urang, Hindu saurang, jeung Budha saurang. Di kampung Tegallaya tina jumlah penduduk 1.125 urang, warga anu agama Islam jumlahna 1.120 urang, Protestan saurang, Katholik 4 urang, Hindu, jeung Budha 0.

Pendidikan di Kelurahan Cipanengah geus kawilang alus, lantaran katémbong tina data penduduk dumasar pakasaban taun 2014 di Kelurahan Cipanengah, aya 1.208 urang anu miboga pakasaban salaku pelajar atawa mahasiswa. Nurutkeun data laporan penduduk dumasar pakasaban taun 2014 ti Kelurahan Cipanengah, pakasaban di kampung Tegallaya nyaéta tani 14 urang, Pegawai Negri Sipil 18 urang, karyawan swasta 54 urang, tentara nasional Indonesia saurang, kepolisian Republik Indonesia 3 urang, buruh 54 urang, wiraswasta 104 urang, pedagang 15 urang, karyawan BUMD saurang, buruh tani



Gambar 3.1
Peta Lokasi Panalungtikan

4 urang, buruh ternak saurang, pembantu rumah tangga 3 urang, karyawan BUMN saurang, pensiunan 4 urang, pelajar/mahasiswa 168 urang, belum/tidak bekerja 358 urang, mengurus rumah tangga 270 urang, sopir 17 urang, karyawan honorer 3 urang, guru 6 urang, mekanik 4 urang, tukang batu 2 urang, tukang kayu 3 urang, tukang jait 2 urang, jeung tukang las 2 urang.

b. Palaku dina Panalungtikan

Sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta data ti palaku atawa jalma-jalma anu aya patalina jeung tradisi babakti lemah cai. Data anu mangrupa jawaban ti para palaku anu jadi informan nalika ngawawancara ngaliwatan observasi, wawancara, ngarékam, jeung ngadokuméntasikeun. Palaku anu dijadikeun sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta palaku tradisi babakti lemah cai, wawakil ti dinas kebudayaan Kota Sukabumi, jeung wawakil ti kelurahan Cikundul Sukabumi.

Tabél 3.3
Data Informan Tradisi Babakti Lemah Cai

No	Data Informan
(1)	(2)
1	<p>Wasta : Sandi Samba Wijaya NIK : 3272052707820001 Tempat/kaping gumelar : Sukabumi, 27-07-1982 Yuswa : 36 taun Jenis kelamin : Lalaki Pakasaban : Guru Agama : Islam Alamat : Jalan Garuda, No.6, RT/RW 002/001, kelurahan Baros, kecamatan Cibeureum, Kota Sukabumi. Kalungguhan : Pupuhu Museum Kipaharé Palaku tradisi : Maca sadu muhung, maca rajah babakti</p>
2	<p>Wasta : Im Ibrachim NIK : 3272050609530021 Tempat/kaping gumelar : Sukabumi, 06-09-1953 Yuswa : 65 taun Jenis kelamin : Lalaki Pakasaban : Seniman Agama : Islam Alamat : Jalan Garuda, No.6, RT/RW 002/001, kelurahan Baros, kecamatan Cibeureum, Kota Sukabumi. Kalungguhan : Penaséhat Mussem Kipaharé Palaku tradisi : Maca rajah bubuka</p>
3	<p>Wasta : Fawazia Widinillah NIK : 3272051911950001 Tempat/kaping gumelar : Sukabumi, 19-10-1995 Yuswa : 23 taun Jenis kelamin : Lalaki Pakasaban : Budayawan Agama : Islam Alamat : Jalan Garuda, No.6, RT/RW 002/001, kelurahan Baros, kecamatan Cibeureum, Kota Sukabumi. Kalungguhan : Anggota Museum Kipaharé Palaku tradisi : Nabeuh tarawangsa</p>
4	<p>Wasta : Wildan Permana NIK : 3272020106950002 Tempat/kaping gumelar : Sukabumi, 01-10-1995 Yuswa : 23 taun</p>

(1)	(2)
	Jenis kelamin : Lalaki Pakasaban : Budayawan Agama : Islam Alamat : Jalan Otista GG Pelita III, No.36, RT/RW 002/001, kelurahan Kebonjati, kecamatan Cikole, Kota Sukabumi. Kalungguhan : Anggota Museum Kipaharé Palaku tradisi : Nabeuh kacapi indung
5	Wasta : Rd Ika Bhinekawati, S.Pd Yuswa : 43 taun Pakasaban : Pelaksana Seksi Kebudayaan Atikan : Seni Tari D2 IKIP Bandung Alamat : Jalan Pelabuhan II KM 5 Kota Sukabumi Kalungguhan : Wawakil Dinas Kebudayaan Kota Sukabumi
6	Wasta : Deden Zaenal Mutaqin NIK : 3272062703730001 Tempat/kaping gumelar : Sukabumi, 27-03-1973 Yuswa : 46 taun Jenis kelamin : Lalaki Pakasaban : PNS Agama : Islam Alamat : Cicadas Hilir, RT/RW 001/009, Kelurahan Cikundul, Kecamatan Lembursitu, Kota Sukabumi. Kalungguhan : Wawakil Kelurahan Cikundul